

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan prinsip kasopanan dina carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri bisa dirangkum jadi lima bagian, nyaéta (1) data paguneman, (2) adegan paguneman, (3) prinsip kasopanan, (4) adegan maksim kasopanan, jeung (5) bahan ajar paguneman.

5.1.1 Data Paguneman

Paguneman dina carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri anu kapanggih aya 737 omongan. Data paguneman dipasing-pasing dumasar kana latar jeung topik (jejer) omonganana.

5.1.2 Adegan Paguneman

Adegan paguneman téh nyaéta pola paguneman anu aya tina data paguneman anu geus dipasing-pasing. Kapanggih 19 pola paguneman. Ieu pola disusun dumasar kana jumlah palaku, ti mimiti nu pangsaeutikna nyaéta dua palaku, nepi ka nu panglobana palaku nyaéta aya lima palaku. Pola paguneman anu kapanggih nyaéta (1) $A \rightarrow B$, (2) $A_{(1-n)} \leftrightarrow B_{(1-n)}$, (3) $A \rightarrow B \rightarrow A$, (4) $A_{(1-n)} \leftrightarrow B_{(1-n)} \rightarrow A$, (5) $A \rightarrow B \rightarrow C$, (6) $A \rightarrow B \rightarrow C \rightarrow A$, (7), $A_{(1-n)} \leftrightarrow B_{(1-n)} \rightarrow C \rightarrow A$, (8) $A \rightarrow B_{(1-n)} \leftrightarrow C_{(1-n)} \rightarrow B$, (9) $A \rightarrow B \rightarrow A \rightarrow C$, (10) $A \rightarrow B \rightarrow A \rightarrow C_{(1-n)} \leftrightarrow A_{(1-n)}$, (11) $A \rightarrow B \rightarrow C \rightarrow A \rightarrow C$, (12) $A \rightarrow B \rightarrow C \rightarrow A \rightarrow B \rightarrow A$, (13) $A \rightarrow B \rightarrow A \rightarrow C \rightarrow A \rightarrow B_{(1-n)} \leftrightarrow C_{(1-n)} \rightarrow B$, (14) $A_{(1-n)} \leftrightarrow B_{(1-n)} \rightarrow C \rightarrow D$, (15) $A \rightarrow B \rightarrow C \rightarrow A \rightarrow D \rightarrow A$, (16) $A_{(1-n)} \leftrightarrow B_{(1-n)} \rightarrow A \rightarrow C \rightarrow D$, (17) $A \rightarrow B \rightarrow C \rightarrow D \rightarrow B_{(1-n)} \leftrightarrow A_{(1-n)} \rightarrow B$, (18) $A \rightarrow B \rightarrow C \rightarrow B \rightarrow D \rightarrow B_{(1-n)} \leftrightarrow C_{(1-n)} \rightarrow E$, jeung (19) $A \rightarrow B \rightarrow C \rightarrow B \rightarrow D \rightarrow E$. Paguneman anu panglobana saluyu jeung pola paguneman kaopat jeung kadua panglobana nyaéta pola kadua.

5.1.3 Prinsip Kasopanan

Prinsip kasopanan téh ngawengku maksim kawijaksanaan, maksim katumarima, maksim pangcocog, maksim kasimpatian, maksim balabah jeung maksim handap asor. Prinsip kasopanan anu kapanggih aya 509 omongan, kalayan wincikan maksim kawijaksanaan aya 119 omongan, maksim katumarima aya 103 omongan, maksim pangcocog aya 174 omongan, maksim kasimpatian aya 99 omongan, maksim balabah aya 10 omongan, sarta maksim handap asor aya opat omongan.

5.1.4 Adegan Maksim Kasopanan

Adegan maksim kasopanan kabagi jadi adegan basa hormat, loma, kasar, sarta basa campuran kapanggih aya 509 omongan. Basa hormat nu kapanggih aya 107 omongan, basa loma aya 344 omongan, basa kasar aya 30 omongan, sarta basa campuran aya 28 omongan.

5.1.5 Bahan Ajar Paguneman

Hasil analisis sarta data dijieun bahan pangajaran paguneman. Ari nu dijieunkeunana mah teu sakabéhna, tapi ngan saukur anu basajan sarta bisa kahontal sarta saluyu jeung KIKD ogé indikator bahan pangajaran paguneman di kelas VII SMP.

5.2 Implikasi

Prinsip kasopanan anu utama raket pisan patalina jeung tatakrama basa (undak usuk basa). Tatakrama lain saukur milhan kecap anu merenah dina nyarita, tapi némbongkeun kasopanan nu nyarita ka batur nu diajak nyarita. Hadéna mah kasopanan téh dipiboga ku saha baé anu ngalakukeun komunikasi. Ku ayana pedaran ngeunaan prinsip kasopanan dina paguneman keur pangajaran, dipiharep siswa saeutik-eutik wawuh kana undak usuk basa. Kasopanan maké undak usuk basa sakuduna mah lain matak ngahésékeun, tapi kudu matak ngirut. Sabab dina undak usuk basa aya ciri anu némbongkeun kabeungharan basa Sunda.

Pangajaran paguneman cocog dilarapkeun di sakola sabab bisa langsung dilarapkeun ku siswa. Perkara undak usuk basa anu jadi ciri tatakrama basa teu diajarkeun sacara husus dina materi pangajaran, carana bisa diasupkeun dina ieu

materi pangajaran. Teu kudu euyeub, munggaran mah cukup ku ngawanohkeun undak usuk basa atawa kekecapanana dina wangun paguneman.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan, aya sawatara saran anu baris ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, ieu panalungtikan ngan saukur ngadeskripsikeun prinsip kasopanan anu sumber datana tina wangun tinulis. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu sumber datana tina wangun lisan, boh obrolan di lingkungan sakola boh obrolan di lingkungan masarakat saluareun sakola.

Kadua, ieu panalungtikan ngan saukur dijieun bahan pangajaran paguneman. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu matalikeun kasopanan utamana perkara undak usuk basa kana pangajaran séjén salian ti paguneman, upamana waé kana materi ngeunaan bahasan, wacana, bahasa pikeun surat, wawaran, atawa pangalaman pribadi.

Katilu, ieu panalungtikan ngan saukur nalungtik kasopanan dina karya sastra. Ku kituna, bisa waé diayakeun panalungtikan séjén ngeunaan kamampuh siswa kana maham jeung ngalarapkeun kasopanan basa dina kahirupan sapopoéna.